



# Piblikasyon Nouvèl

Depatman travay nan Etazini | 15 Novanm 2023

## **Depatman Travay Ameriken an anonse plan aksè nan lang ak kreyasyon nouvo biwo pou amelyore aksè pou travayè ki pa pale angle yo** *Yon pati nan efò tout administrasyon an pou amelyore aksè ak ekite nan lang*

WASHINGTON – Depatman Travay Ameriken an te anonse jodi a piblikasyon [Plan Aksè Lang](#) ak lang ki ajou, ki gen ladan etablisman yon nouvo biwo nan Sant Dwa Sivil depatman an.

[Biwo Asistans Lang Santralize](#) a pral bay 26 sou-ajans depatman an resous ak konsèy pou amelyore aksè pou travayè ki pa pale Angle ak moun ki gen Konpetans limite nan Angle. Biwo a pral ede tou nan achte sèvis tradiksyon ak entèpretasyon pou itilize atravè depatman an.

Plan ajou a gen ladann yon revizyon konplè sou pratik asistans lang ak demografik kominote depatman an sèvi yo. Revizyon an konplete kontak kontinyèl depatman an bay travayè ki pa pale angle ak òganizasyon defans yo pou ogmante konsyantizasyon ak itilizasyon sèvis li yo.

“Nouvo biwo sa a ak nouvo plan aksè nan lang sa a demontre angajman depatman an nan ekite, aksè, ak patisipasyon siyifikatif pa travayè ki gen konpetans limite angle nan pwogram ak sèvis nou yo,” te di Asistan Sekretè Travay pou Administrasyon ak Jesyon Carolyn Angus-Hornbuckle. “Plan ajou a sèvi pou respekte lwa dwa sivil yo epi ankouraje pratik jesyon efikas ak angajman pwodiktif ak tout travayè yo, kèlkeswa konpetans nan lang.”

Anons jodi a kowenside ak yon ane anivèsè yon [memorandòm](#) Pwokirè Jeneral Ameriken Merrick Garland ki te ankouraje ajans federal yo pou yo amelyore aksè kominikasyon. Nan direktiv la, Pwokirè Jeneral la te mande ajans federal yo pou yo revize plan aksè nan lang yo an repons a Dekrè Egzekitif 13166, "Amelyore Aksè a Sèvis pou Moun ki gen Konpetans limite nan Angle."

Depatman Lajistis la te anonse tou lansman yon nouvo gwoup travay federal ant ajans yo, Federal Language Access Working Group, ki pral pèmèt ajans federal yo fè echanj pi bon pratik epi pataje resous aksè nan lang pou ajans federal yo ak benefisyè asistans finansye federal yo.

Nou ka jwenn Plan Aksè nan Lang Depatman Travay la, ansanm ak plis enfòmasyon sou Sant Dwa Sivil la, ak inisyativ li yo pou sipòte moun ki pa pale angle sou [sitwèb CRC a](#) ak nan [LEP.gov](#).

Nouvèl Depatman Travay Ameriken an aksesib nan <http://www.dol.gov>. [Sant Resous Akomodasyon Rezonab](#)  
Depatman an konvèti enfòmasyon ak dokiman depatmantal yo nan fòm altènatif, ki enkli Bray ak gwo lèt. Pou demann fòm altènatif, tanpri kontakte depatman an nan (202) 693-7828 (vwa) oswa (800) 877-8339 (relè federal).

###

**Kontak medya:**

Ryan Honick, 202-693-4247, [honick.ryan.l@dol.gov](mailto:honick.ryan.l@dol.gov)

Nimewo Publikasyon: 23-2418-NAT

Nouvèl Depatman Travay Ameriken an aksesib nan <http://www.dol.gov>. [Sant Resous Akomodasyon Rezonab](#)  
Depatman an konvèti enfòmasyon ak dokiman depatmantal yo nan fòm altènatif, ki enkli Bray ak gwo lèt. Pou demann fòm altènatif, tanpri kontakte depatman an nan (202) 693-7828 (vwa) oswa (800) 877-8339 (relè federal).